ние их в факультативной и необходимой форме в разных стилях. Рассматриваются условия употребления определений и их функции.

SUMMARY

The article deals with the study of communitive role of attributes in speech. The author studies the functions and conditions of using attributes in defferent functional styles, their facultative and necessary forms.

## ÁJINIYAZ ShÍǴARMALARÍNDA ÚY BUYÍMLARÍ ATAMALARÍŃÍŃ QOLLANÍLÍWÍ

**G.E.Qarlıbaeva** – *filologiya ilimleriniń doktorı*
**R.S.Sadıkova** – *úlken oqıtıwshı*
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Tayanch so'zlar**: leksika, semantika, uslub,dailekt, tarixiy leksika, etnografizm, frazeologizm, adabiy til, lingvomadaniyat.
**Ключевые слова**: лексика, семантика, стиль, диалект, историзмы, этнографизм, фразеологизм, литературный язык, лингвокультурология.
**Key words**: vocabulary, semantics, style, dialect, historicism, ethnographism, phraseological units, phraseologism, literary language, linguistic culturology.

Hár qanday tildiń házirgi jaǵdayına sıpatlama beriw ushın onıń tariyxına, ondaǵı tariyxıy ózgerislerge itibar beriw kerek. Biz sonda ǵana tildiń házirgi rawajlanıwınıń dárejesi tuwralı keńirek maǵlıwmat alıw múmkinshiligine iye bolamız. Usı kózqarastan, Ájiniyaz shıǵarmaları tilindegi tariyxıy sózlerdi analizlew sol dáwirdegi xalqımızdıń tariyxın, tilimizdiń tariyxın úyreniwge, ádebiy tildiń leksikasındaǵı ózgerislerdi anıqlawǵa járdem beredi.

Ájiniyaz Qosıbay ulı óz zamanınıń jetik sóz sheberi bolıp, qaraqalpaq tiliniń oǵada bay leksikalıq, semantikalıq-stillik múmkinshiliklerin puxta ózlestirgen hám olardan sheberlik penen óz ornında paydalana bilgen. Shayır dóretpelerinde tariyxıy dáwirler dawamında kúndelikli turmısta, xojalıqta paydalanılǵan hár túrli úy-xojalıq buyımları atamaları jiyi ushırasadı. Qaraqalpaq xalqı óziniń kúndelikli turmısında hár qıylı buyımlardan paydalanǵan. Mısalı:

Men ketermen altı ay arqaǵa yayaǵ,
Ignimde **qorjın**ım, álgimde tayaq («Ǵam yemá» 143-bet).

*Qorjın* ataması júnnen toqıp islengen, awzı órilip qoyılatuǵın eki bólekli ishine zat salıw ushın islengen ıdıs, eshekli, atlı júk alıp júriwge arnalǵan buyım bolıp tabıladı. Shayır *qorjın* sózi arqalı qaraqalpaq xalqınıń turmısınıń ózinshelik ózgesheligin kórsetedi. Yaǵnıy, xalqımız jol azıǵı menen uzaq saparǵa shıqqanda, atlanǵanda usınday buyımlardan paydalanǵan.

Ájiniyaz shıǵarmaları tiliniń leksikası kúndelikli kún-kóris, turmıs penen baylanıslı sózlerge bay bolıp keledi. Bunı tómendegi mısallar arqalı da kórsetiwge boladı:

Bizlerge naz etip, qashını qaqıp,
Dúmshege suw quyıp, otını yaqıp («Yaranlar» 172-bet).

*Dúmshe* – suw quyıwǵa hám qaynatıwǵa arnalǵan súmeksiz metaldan islengen úy-xojalıq buyımı. Qaraqalpaq xalqı erte dáwirlerde suw qaynatıwda qara quman hám dúmshelerden paydalanǵan. O`zbek tiliniń dialektlerinde tumchá//tuńchá bolıp aytıladı hám suw qaynatıwǵa arnalǵan ıdıstı bildiredi. [1:263-264]. Bul atama qaraqalpaq tiliniń qubla dialektinde de jiyi qollanıladı. Shayır xalıqtıń turmıslıq ózgesheliklerin sáwlelendiriwde bunday leksikalıq birliklerden ónimli paydalanǵan. Mısalı:

Qap dorbańnıń yırtıǵın tigip otır,
Qolıńa alıp ketik qazan pıshaq («Ájiniyaz benen qız Meńeshtiń aytısı» 189-bet).

Mısaldaǵı *dorba* ataması attıń, eshektiń yamasa ǵashırdıń tumsıǵın kirgizip basına ildiretuǵın, jem salıwǵa arnalǵan, kóbinese júnnen toqılıp baw taǵılǵan kishkene qaltashanı bildiredi. Sonday-aq, qazan pıshaq pıshaqtıń túrine baylanıslı aytıladı. Házirgi qaraqalpaq tilinde de pıshaqtıń *nan pıshaq, may pıshaq, qazan pıshaq, shaqqı* hám t. b. túrleri qollanıladı.

Kimsáni ayırar sıpıra-shanashtan,
O`ltir kók iytińdi, Dúysen qándekli («Dúysen qándekli» 162-bet).

*Sıpıra* ataması qamır iylew, jayıw ushın hám un salıwǵa arnalıp teriden, basqa materialdan islengen buyımdı, *shanash* ataması eshkiniń terisinen pitew etip un, sók hám taǵı basqa zatlardı salıw ushın, sonday-aq, qımız sıyaqlı suyıqlıqlardı quyıwǵa arnalıp islengen ıdıstı bildiredi. *Sufra* sózi Ahmed Yassawiy hikmetlerinde «dásturxan» mánisinde jumsalǵan.

Shayırdıń dóretpelerinde qaraqalpaq xalqınıń kúndelikli turmısına baylanıslı xojalıq buyımlarınıń atamalarınan *kúyme, bógenek, arba, gúpshek-kósher* hám t.b. ushırasadı. Mısalı:

Kóshkende kóleńkeli bar kúymesi,
Kóylegi darayıdan, on túymesi («Ájiniyaz benen qız Meńeshtiń aytısı» 188-bet).

*Kúyme* sózi ústi, qır-dógeregi bılǵarı hám de basqa hár túrli materiallar menen qorshalıp bastırılǵan, kórkem etip bezelgen jeńil, bógenekli arbaǵa baylanıslı qollanıladı.

Bógenekke qonar ǵarǵa,
Arası joq jaman arba («Kók sholaq iytke» 157-bet).

*Bógenek* dep arbanıń ústiniń dóńgelek etip bastırılıwına aytıladı.

Qup kákir hár yan sekir, gúpshek-kósherdi maylap al («Qup kákir» 163-bet).

*Gúpshek* ataması ortasında kósher aylanıw ushın tesigi bar hám bir jaǵı bekitilip turatuǵın arba dóńgeleginiń ortańǵı bólegine baylanıslı, *kósher* arbanıń eki dóńgeleginiń ortasına suǵılıp, arbanıń kókiregin kóterip turatuǵın aǵashına baylanıslı aytıladı.

Qız-jigiti juwap aytar dásme-dás,
Kiygen kiyimleri atlasıw-lipas,
Astıǵa tósener meshhediy palas,
Shahsánem, Shiyrindek qızları bardı («Bardı» 19-bet).

*Palas*– jún, paxtadan iyirilgen jiplerden qalıń etip toqılǵan tósek. Bul atama parsısha sóz bolıp, ol «túksiz gilem» mánisin bildirgen.

Qaraqalpaq xalqı ertede diyqanshılıq, sharwashılıq penen kún keshirgen. Sonlıqtan da, shayırdıń shıǵarmalarında sol waqıttaǵı qaraqalpaq xalqınıń jasaw jaǵdaylarına baylanıslı *bel, shot-ketpen, jún jip, balta* sıyaqlı miynet quralları qollanılǵan. Mısalı:

Bashıda bir sharshı ruwmal, oyır alarlar dástigá,
Beline jún jip buwıp, shot-ketpen lar dástigá(«Qızlarıkim…» 163-bet);
Siyseri jılıtpa iship, bel-baltalardı saylap al,
Shaydı qoy, pátirdi qoy, qolıńa ayrı, arqan al («Qup kákir» 163-bet).
Bir shoshayǵan úygá kirdúk, náhiy-múńkir sózláyúb,
Aytmaduq bu sháriyatnı ol qazaqǵa túzláyúb («Kerák» 56-bet);
Qoy kelúb súwsá shelekke, názáríńni salmaǵıl,
Birnámárse kórip andın, aqlıń hayran bolmaǵıl («Kerák» 56-bet).

Keltirilgen mısallardaǵı *shelek* sózi házirgi qaraqalpaq tilinde *shelek//sheker* túrinde fonetikalıq variantlarda qollanıladı. *Tabaq* sózi bul toparǵa kiretuǵın buyımlardıń ulıwma ataması bolıp tabıladı hám ol shayır dóretpelerinde awıspalı mánide qollanılıp, awqattı bildiredi:

Názeriń túshsá tabaqqa, ol taamdin bezmágil,
Ekki kóziń tańub al, sen bir námársá sezmágil. («Kerák» 56-bet).

Maxmud Qashǵariydiń «Devonu luǵatit túrk» miynetinde *baldu- balta, bichak-pıshaq, japchuq-dorba* atamaları ushırasadı [2:366].

Qolında *shını kese, shını shaynek,*
Ishedi qantlı suwdı qara suwday, – dep jazadı («Ájiniyaz benen qız Meńeshtiń aytısı» 187-bet).

Qaraqalpaq tiliniń túsindirme sózliginde *shını* ataması «shiyshe» degendi bildiredi [3:561] dep túsinik bildirilgen. XIV- XV ásirlerdegi eski jazba esteliklerde de *shını* sózi ushırasıp shiysheni bildirgen [4:201]. Sonday-aq, shayır shıǵarmalarında úy buyımları atamalarınan *oshaq, dásturxan, qazan-ayaq* sózleri de ushırasadı. Mısalı:

*Qazan-ayaq*, tabaǵın aralap júrer tazısı [1:84].

Barını mehmandın ayamas, *dásturxanın* keń jayur [1:24].

Aq Meńesh, hayttı da qoy, toydı da qoy,

Úyińde usla da otır *qazan-oshaq* [1:217].

*Qazan ayaq* – sózi Maxmud Qashǵariydiń «Devonu luǵat-it-túrk» miynetinde «kese» «ıdıs» mánisinde jumsalǵan [2:36]. Bul miynette *ochaq* ataması da qollanılǵan [2:249]. *«Dásturxan»* sózi Nawayı shıǵarmaları tilinde de ushırasadı [5:183].

Qaraqalpaq tilinde bul atamalardıń kópshiligi házirgi dáwirge shekem jiyi qollanılıp kiyatır. Al, ayırımları kúndelikli turmısta qollanıwdan shıǵıp qalıp, gónergen sózler qatarınan orın alǵan. Ájiniyaz shıǵarmalarında jumsalǵan bunday sózler sol dáwirdegi xalıqtıń jámiyetlik-ekonomikalıq turmısı, kún-kórisi, hár túrli úy-xojalıq atamaları tuwralı bahalı maǵlıwmat beriwshi leksikalıq qatlam bolıp tabıladı. Olar qaraqalpaq xalqı turmısınıń belgili bir tariyxıy dáwirlerdegi paydalanǵan buyımlarınıń atamaları sıpatında bahalı bolıp, Ájiniyaz shayır shıǵarmaları tiliniń baylıǵın kórsetedi. Shayır dóretpelerindegi úy-xojalıq buyımların izertlew arqalı qaraqalpaq tiliniń sózlik quramın tereńnen biliw hám xalqımızdıń tariyxı, etnografiyası tuwralı bay maǵlıwmatlar alıw múmkinshiligine iye bolamız.

**Ádebiyatlar**

1. Ўзбек халқ шевалари луғати. -Тошкент: 1971.
2. Махмуд Қошғарий. Девону луғат ит турк. Т. III. -Тошкент: 1963.
3. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. Т. IV. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992.
4. Насыров Д.С. Становление каракалпакского общенародного разговорного языка и его диалектная система. -Нукус-Казань: 1976.
5. Навоий асарлари луғати. –Тошкент: 1972.
6. Әжинияз. Мәңги мийрас. Таңламалы шығармалары. -Нөкис: «Илим», 2014.

**REZYUME**

Maqolada Ajiniyoz asarlarida uy buyumlari atamalari o'rfanilgan bo'lib, qoraqalpoq xalqi turmushining tarixiy davrlarda foydalangan ,uyumlari atamalarini tadqiq qilish qoraqalpoq tilining lug'at tarkibini chuqur bilish va xalqimizning tarixi, etnografiyasi to'g'risida boy ma'lumotlar olish imkoniyatini berishi linvistik jihatdan talqin qilingan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются наименования предметов домашнего обихода. Исследование наименований предметов, использованных в различные исторические периоды в быту каракалпакского народа с лингвистической точки зрения способствует глубокому изучению словарного состава каракалпакского языка и получению богатой информации об истории и этнографии народа.

**SUMMARY**

The article discusses the names of household items. The study of the names of objects used at different historical periods in the life of the Karakalpak people from a linguistic point of view contributes to a deep study of the vocabulary of the Karakalpak language and receiving rich information about the history and ethnography of the people.

## ИНГЛИЗ ВА ҚОРАҚАЛПОҚ ТИЛЛАРИДАГИ ТАРИХИЙ ТОПОНИМЛАРНИНГ ЛИНГВОМАДАНИЙ ХУСУСИЯТЛАРИ

**Г.К.Кдырбаева –** *филология фанлари бўйича фалсафа доктори*

**Г.М.Ажимуратова –** *талаба*

*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*

**Таянч сўзлар:** ономастика, топоним, лингвомаданиятшунослик, сўз ясаш, сўз туркумлари, миллий лисоний олам манзараси.

**Ключевые слова:** ономастика, топоним, лингвокультурология, словообразование, части речи, национальная языковая картина мира.

**Key words:** onomastics, toponymy, linguoculturology, word formation, parts of speech, national linguistic picture of the world.

Ҳар бир инсон бу дунёга келиши билан унга ота-она томонидан яхши ниятлар ила чиройли исм берилади ва бу исм инсон ҳаётида катта аҳамиятга эга бўлади. Исмлар, фамилиялар ва бошқа номлар инсон, нарса ва хаттоки хайвонларни бир-биридан ажратиб, фарқлаб туриш учун хизмат қиладиган асосий воситаларнинг бири ҳисобланади. Шу каби бир жойни иккинчи жойдан, бир жилғани бошқа бир жилғадан, тоғ, кўча, қишлоқ, шаҳар, мамлакатларни бир-биридан фарқлаш учун инсонлар томонидан номлар берилган. Жой номлари, географик номлар топонимлар деб аталади. Топонимларни топонимика фани ўрганади. Жой номлари, ёки топонимия бир неча турга бўлинади. Буларни гидрономия, орономия, ойкономия, полинимия, урбаномия, микротопонимия, этнотопонимлар, антропотопономия ва бошқа миялар билан аташ мумкин.

Географик номлар (топонимлар) тилнинг луғат таркибидаги бир қисм бўлиб, албатта тил конуниятларига бўйсунади. Чунончи, сўзни тилшунослик – лингвистика фани ўрганиши керак. Демак, топонимика атоқли отларни ўрганадиган ономастика фанининг бир қисми бўлиб, тилшунослик фанлари қаторига киради.

Топонимикани ўрганиш тил тарихи ва назарияси учун катта аҳамиятга эга. Кўпгина жой номлари жуда қадимийдир, улар ёзма ёдгорликларда қайд қилинган географик номларни кейинроқ учрайдиган шакллари ва ҳозирги талаффузи билан солиштириб, тилнинг луғат таркибидаги сўзларнинг даслабки шаклида рўй берган ўзгаришларни билиб олишимиз мумкин.

Бундан ташқари, географик номлар хаританинг энг муҳим элементи сифатида бирон бир мамлакат ёки ўлка табиатининг хусусиятларини акс эттиради. Ана шу нуқтаи назардан топонимикани географик фанлар жумласига киритиш мумкин.

Жумладан, жой номлари жамият тарихи билан ҳам чамбарчас боғлиқ. Жойларга қандай ном бериш аввало жамиятнинг муайян босқичдаги эҳтиёжлари билан белгиланади. Жой номлари тарихини билмасдан туриб топонимика билан шуғилланиш кутилган натижани бермайди. Ана шунинг учун ҳам топонимика тарих фанлари қаторидан ўрин олади.

Демак, топонимика учта катта соҳа: тилшунослик, география, тарих оралиғидаги фан. Шу боис топонимик воситаларнинг таҳлили лингвистик, тарихий ва географик материалдан ташкил топмаса, бундай ҳолда изоҳ ва таҳлилларнинг аниқлигига шубҳа туғилиши бежиз эмас.

Топонимлар тилнинг луғат фондидаги бир қисмдир, чунончи жой номлари тилнинг лексик қатламларидан анчагина фарқ қилади. Бу фарқ топонимларнинг узоқ яшашида ўз аксини топади, жумладан уларнинг поликомпонентли хусусияти ҳам, яъни кўп компонентлардан-таркиб топганлиги бундай фарқли жиҳатларни ифодалайди. Шу жумладан, топонимларнинг фарқлари билан биргаликда ҳар бир тилнинг ички қонуниятларига кўра уларнинг